**AY XËTU XIBAAR NGIR WOY JËFANDIKO YI AK FAJKAT YI**

**AB NDIGAL JËFANDIKO CI LU JAMP (EUA) ŇAKKU COVID-19 BU MODERNA NGIR FAGARU CI FEEBARU KORONAWIRUS 2019 (COVID-19) CI ÑU AM 18 AT AK LU KO WEESU**

Noo ngi lay jox Ňakku COVID-19 bu Moderna ngir fagaru ci Feebaru Koronawirus 2019 (COVID-19) bi nga xamne doomi jangoro SARS-CoV-2 moo koy waral. Xët yi ëmbna ñu ay xibaar ngir dimbali la nga xam yuy lore ak ngëneeli Ňakku COVID-19 bu Moderna, bi nga mëna jot ci mbasum jomono ji di COVID-19

Ňakku COVID-19 bu Moderna ab ñakk la te mën na la aar ci COVID-19. Amul benn ñakk bu kureelu Amerig bu tuddu Food and Drug Administration (FDA) nangu ngir fagaru ci COVID-19.

Jangal xët yi ngir nga gëna am ay xibaar ci Ňakku COVID-19 bu Moderna. Waxtaanal ak ku lay ñakk boo amee ay laaj. Ci sa coobare ngay jël Ňakku COVID-19 bu Moderna.

Ňakku COVID-19 bu Moderna 2 yoon (doos) lañu koy jël, digante 1 weer, ci biir përëg gi.

.

Ňakku COVID-19 bu Moderna mën na baña aar ñëp.

Xëtu xibaar yi mën na am dañu ko yeesal. Ngir am ay xëtu xibaar yu gëna bees, noo ngi leen di ñaan ngeen xool www.modernatx.com/covid19vaccine-eua.

## LU NGA WARA XAM BALAA NGAA JËL ŇAKK BI ?

### LUY COVID-19?

COVID-19 ab koronawirus bu ñuy woowe SARS-CoV-2 moo koy andi. Xeetu koronawirus bi kenn mësu ko gis. Mën nga am COVID-19 boo jege we ak keneen ku am wirus bi. Feebaru nooyi la lu ci ëpp waaye mën na laal yeneen i cër. Nit ñu aand ak COVID-19 dañu amee ay mandarga yu bari, dalee ko ci ay mandarga yu sew ba ci feebar yu metti. Mandarga yi mën nañu feeñ 2 ba 14 bis ginaw bu nit ki jege ak wirus bi. Mën na bokk ci mandarga yi: yaram bu tang walla buy lox; sëqqët; jafe-jafe nooyi; coono; përëg walla yaram buy metti; mettitu boppu; ñakk yëg dara si gemmiñ ak bakkan; mettitu put; bakkan yu fatt walla buy xelli; neer walla wacu; bir buy daw.

### LAN MOOY ŇAKKU COVID-19 BU MODERNA?

Ňakku COVID-19 bu Moderna ab ñakk la buñu nangoo gul bu mëna aar ci COVID-19. Amul ñakk bu kureelu FDA nangu ngir faguru ci COVID-19.

Kureelu FDA dafa joxe ab ndigal jëfandiko ci lu jamp Ňakku COVID-19 bu Moderna ngir aar COVID-19 ñu am 18 at ak lu ko weesu sukkandiku ci liñuy woowee Emergency Use Authorization (Ndigal jëfandiko ci lu jamp, EUA).

Ngir yeneen i leeral ci EUA, xoolal "**Lan mooy Ndigal jëfandiko ci lu jamp (EUA)?**" ci pacc bu mujju ci xët bi.

Revised: 12/2020

**LAN NGA WARA XAMAL KU LAY ÑAKK BALAA NGAY JËL ÑAKKU COVID-19 BU MODERNA?**
**Waxal kulay ñakk lu jëm ci say jafe-jafe wergi yaram, bu fekkee ne da nga:**

- am ay ngennaliku
- am yaram wu tang
- am jafe-jafe ci dereet walla ngay jël ay garab yuy tere dereet gi way
- nga nekk ku am jafe-jafe ci luy aar sa yaram walla ngay jël garab bu waaññi sa aarukaayu yaram
- ëmb walla nga wara wann lor
- ngay nampal
- jël beneen ñakku COVID-19

**KAN MOO WARA JËL ÑAKKU COVID-19 BU MODERNA?**
Kureelu FDA dafa joxe ndigal jëfandiko ci lu jamp Ñakku COVID-19 bu Moderna ci ñu am 18 at ak li ko weesu.

**KAN MOO <u>WARUL</u> JËL ÑAKKU COVID-19 BU MODERNA?**
Waroo jël Ñakku COVID-19 bu Moderna bu fekkee da nga:

- amoon ngennaliku bu metti ci ñakku bu weesu
- amoon ngennaliku bu metti ci ferñent yu bokk ci ñakk bi

**YAN ÑOOY FERŇENT ÑAKKU COVID-19 BU MODERNA?**
Bokk na ci ferñent Ñakku COVID-19 bu Moderna yii yuñuy lim: messenger ribonucleic acid (mRNA), lipids (SM-102, polyethylene glycol [PEG] 2000 dimyristoyl glycerol [DMG], cholesterol, ak 1,2-distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine [DSPC]), tromethamine, tromethamine hydrochloride, acetic acid, sodium acetate, ak sucrose.

**NAKA LANUY JËLEE ÑAKKU COVID-19 BU MODERNA?**
Dina ñu la defal Ñakku COVID-19 bu Moderna ci pikiir ci përëg.

Ñakku COVID-19 bu Moderna 2 yoon (doos) lañu koy jël, digante 1 weer.

Boo jëlee benn yoon doosu Ñakku COVID-19 bu Moderna, da nga wara jëlaat ñaareelu yoon (doos) ñakk bi gën caa sori ginaaw 1 weer ngir motal ñakku bi.

**NDAX ÑAKKU COVID-19 BU MODERNA MËS NAŇU KO JËFANDIKO?**
Ñakku COVID-19 bu Moderna ab ñakk la buñu nangoo gul la. Ci ay gëstu biir kilinik, xayma nañu lu tollu ci 15,400 nit yu am 18 at ak lu ko weesu ñu jël gën saa neew 1 yoon (doos) Ñakku COVID-19 bu Moderna.

**YAN ÑOOY NGËNEELU ÑAKKU COVID-19 BU MODERNA?**
Ci biir benn gëstu ci kilinik buy wëy, Ñakku COVID-19 bu Moderna wonena day aar ci COVID-19 ginnaaw buñu ko jëlee 2 yoon (doos) digante 1 weer. Diir bumuy aar ci COVID-19 kenn xamagu ko.

Revised: 12/2020

**YAN ŇOOY LORAANGE ŇAKKU COVID-19 BU MODERNA?**

Jeexital yuñu japp ci Ňakku COVID-19 bu Moderna ñooy yuñuy lim nii:

- Ay jeexital ci fuñuy pikiir: mettit, sidit yu neewi te nooy ci loxo buñu pikiir, neewi-neewi (dëgëraay), ak xonkaay
- Ay jeexital si yaram wi: coono, mettitu boppu, mettitu përëg, mettitu yax, lox, neer ak waccu, ak tangaayu yaram

Dina jafe ngir Ňakku COVID-19 bu Moderna sabab ab ngennaliku bu metti. Ab ngennaliku bu metti mën na am lu ci bari ay simili yu ndaw japp waqtu ginnaaw buñu jëlee benn doosu Ňakku COVID-19 bu Moderna. Loolu motax, ku lay ñakk dafla wara laaj nga toog fi nga ñakkoo ngir mu xool ndax du am jafe-jafe. Bokku na ci mandarga ngennaliku yu metti yi:

- jafe-jafe nooyi
- Xar-kanam bu neewi ak put
- Tëf-tëfu xol bu gaaw
- Ay goom ci yaram wi yëp
- Ay miir ak ñakk kattan

Du yii rek mo mëna nekk jeexitalu Ňakku COVID-19 bu Moderna. Yeneeni jeexital yu gëna metti te di bette mën nañu feeñ. Ňakku COVID-19 bu Moderna ba leegi ño ngi koy cambar ci ay gëstu biir kilinik.

**LAN LAA WARA DEF BU ŇAKK BI AMEE AY NJEEXITAL?**

Bu dee am nga ay njeexital yu metti, wootel 9-1-1, walla nga dem ci barab fajukaay bu la gëna jege.

Woowal kuy joxe ñakk bi walla sa doktoor bu dee dafa am ay njeexital yu la sonnal walla yu mënul deñ.

Biralal njeexital ñakk bi ci **Vaccine Adverse Event Reporting System** bu kureelu **FDA/CDC (VAERS)**. Nimero VAERS mooy 1-800-822-7967 te doo fay dara walla nga biral ko ci internet bi https://vaers.hhs.gov/reportevent.html. Bul fatte bind "Moderna COVID-19 Vaccine EUA" ci rëdd bu njëkk ci limu #18 ci xët gi.

Te tamit, mën nga wax njeexital yi ModernaTX, Inc. ci 1-866-MODERNA (1-866-663-3762).

Mën nañ la jox nga tan bindu ci **v-safe . V-safe** ab xarale bu bees bu nek ci telefon buy bind ay mesas ay ay xibaar ci internet ngir saytu ñu ñakku ba pare ngir xam ndax am na ay njeexital ci ñakku COVID-19. **V-safe** day laaj ay laaj ngir CDC mena xam kaaraange ñakku COVID-19. **V-safe** dalay fattali war nga ñakkuwaat te ndawi CDC dañuy nekk ci telefon bi bu dee nit ñi waxna ñu ay njeexital yu am ci ñakku COVID-19. Ngir gëna am ay leeral ak naka ngay bindoo, demal: www.cdc.gov/vsafe.

Revised: 12/2020

**LUY XEW BU DEE DAMA DOGAL BAÑA JËL ŇAKKU COVID-19 BU MODERNA?**
Ci sa coobare la nga jël walla nga baña jël Ňakku COVID-19 bu Moderna. Bu dee da nga dogal ne do ko jël, loolu du soppi dara ci anam yunu la wara fajee.

**MBAA YENEEN ŇAKK AMNA ŇU NGIR FAGARU CI COVID-19 YU BOKKUL AK ŇAKKU COVID-19 BU MODERNA?**
Fim ne nii, Kureelu FDA amul beneen ñakk bumu nangu ngir fagaru ci COVID-19. Mën nañu digal jëfandiko ci lu jamp yeneen ñakk ngir fagaru ci COVID-19.

**NDAX MËN NAA BOOLE ŇAKKU COVID-19 BU MODERNA AK YENEEN ŇAKK?**
Amul benn xibaar buy wax ne mën nañu boole Ňakku COVID-19 bu Moderna ak yeneen ñakk.

**LUY PEXE BU DEE DAMA ËMB WALLA MAY NAMPAL?**
Bu dee da nga ëmb walla ngay nampal, mën nga waxtaan ak sa doktoor mu xelal la.

**NDAX ŇAKKU COVID-19 BU MODERNA DINA MA JOX COVID-19?**
Deet. Ňakku COVID-19 bu Moderna amul SARS-CoV-2 te mënul joxe COVID-19.

**DENCAL SA KARNE ŇAKKU**
Bi nga jëlee sa doos bu njëk, di nga jot karne ñakku bu lay won kañ ngay ñëwaat ngir ñaareelu doosu Ňakku COVID-19 bu Moderna. Bul fatte andiwaale sa karne booy ñëwaat.
**YENEENI XIBAAR**
Bu dee am nga ay laaj, demal ci situ internet bi walla nga woote ci nimero telefon buñu joxe ci suuf.

Ngir am xëet yu gëna bees, noo ngi lay ñaan nga eskane kodu QR bi ñu joxe ci suuf.

| Situ Ňakku COVID-19 bu Moderna | Nimero telefon |
|---|---|
| www.modernatx.com/covid19vaccine-eua | 1-866-MODERNA (1-866-663-3762) |

**NAKA LAAY GËNA AM LU MA LEER?**
- Laajal ku joxe ñakk bi
- Demal situ CDC ci https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html
- Demal situ FDA ci https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/mcm-legal- regulatory-and-policy-framework/emergency-use-authorization
- Jokkool ak sa barabu facukaay ci sa gox walla sa dëkk

Revised: 12/2020

**FAN LAŇUY DENC XIBAAR YU JËM CI SAMA ŇAKKU?**

Kuy joxe ñakk bi mën na boole say xibaaru ñakk ci tëralinu xibaar yu jëm ci ñakku yu sa dëkk/gox (IIS) walla beneen tëralin bu ñu tann. Loolu day tax mu woor ñu di nga jot ñakk bi ci boppam bo delloo ngir jël ñaareelu doos bi. Ngir gëna am lu la leer ci IIS demal ci situ: [https://www.cdc.gov/vaccines/programs/iis/about.html.](https://www.cdc.gov/vaccines/programs/iis/about.html)

**LAN MOOY TËRALIN BUY DAMP ŇI LORU CI AY ŇAKK AK AY GARAB ?**

Tëralinu buñuy woowe Countermeasures Injury Compensation Program (CICP) ab tëralinu federal la boo xam ne day dimbali ñu loru ci ay garab walla ay ñakk ngir ñu faju ak ñu dundal seen bopp, bokk na ci ñakk bii. Lu ci ëpp, dañuy jebbal ab bataxalu ndampaay ci CICP ci diiru benn at (1) dalee ko bes bi nga ñakkoo. Ngir am lu gëna leer, demal situ [www.hrsa.gov/cicp/](http://www.hrsa.gov/cicp/) walla nga woote ci 1-855-266-2427.

**LAN MOOY NDIGAL JËFANDIKO CI LU JAMP (EUA)?**

Kureelu FDA bu Amerig dafa amal Ňakku COVID-19 bu Moderna ci doxalin bu jamp buñuy woowe EUA. Deklaraasiyo jawriñ buñu denk wallu wergi yaram ak sarwiisu nit ñi (HHS) mooy doxal EUA bi nga xamee ne yëf yi ni mu jampee motax ñuy jëfandiko yenn garab bak yenn ñakk ci biir mbasu COVID-19.

Ňakku COVID-19 bu Moderna kenn saytuwu ko ni ko kureelu FDA defee ci yeneen mbir yu mu nangu te dëggal ko. Kureelu FDA mën na joxe ndigal jëfandiko ci lu jamp (EUA) bu de yenn sart yi mot na, bokk na ci bu amul yeneen pexe yu baax yu ñu nangu te dëggal ko. Boole ci, ndogalu kureelu FDA day sukkandiku ci mbooleem firnde xam-xam yu am yuy wone ñakk bi baaxna ngir fagaru ci COVID-19 ci mbasu COVID-19 te ngëneel yuñu mëna am ak yuñu xam ci ñakk bi ñoo ëpp ay loraange am. Sart yi dafa wara mot ngir ñu mëna jëfandiko ñakk bi ci mbasu COVID-19.

Ndigal jëfandiko ci lu jamp (EUA) Ňakku COVID-19 bu Moderna day wey ci diiru deklarasio EUA bu COVID-19 buy firnde jëfandiko bu jamp prodiwi yi, ludul buñu ko fomme walla ñu dindi ko (ginnaaw loolu kenn du jëfandiko benn prodiwi).

©2020 ModernaTX, Inc. All rights reserved.
Patent(s): [www.modernatx.com/patents](http://www.modernatx.com/patents)
Yeesal na nu ko: 12/2020

Scan to capture that this Fact Sheet was provided to vaccine recipient for the electronic medical records/immunization information systems.

Barcode Date: 12/2020

Revised: 12/2020